Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 36 (6872) 11 сентябрь 2023 с. Итни Сафар 1444 с. Багъа - эркенаб



ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

## СайгидахIмад АхIмадов: «Лъайкьей цебетIезаби – аслияб масъала тIалъиялъул ва тIолго жамгIияталъул»

### Лъаялъул къо кIодо гьабуна

**ТIолго Россиялда гIадин, Бакълъул мухъалъул цIалул идарабазги нуцIа рагьана цIалдохъабазе. МугIалимазул, лъималазул ва умумузул рохел кIиго нухалъ цIикIкIараб букIана исана Лъаялъул къоялъ. Школазда капиталияб ремонт гьабиялъул программабалъ гIахьаллъизе рес щвеялъ районалда цIигьаруна 8 цIалул идара, Цияб Аргъваниб рагьана цIияб школа.**

2023-абилеб соналъул 1-себ сентябралда Цияб Аргъвани росулъ цIияб школа рагьиялъул тадбир тIобитIана. Республикаялъулаб инвестиционнияб программаялда рекъон бараб цIалул идараялда буго 250 цIалдохъанасе бакI, 50 чиясе бакI бугеб интернат, цабигIусал къачIалел, рукъбариялъул, компьютеразул кабинетал, спорталъул кIалгIа, футбол хIаялъул майдан ва гь. ц. 273 миллион гъурщиде хIалтIаби гьаруна гьенир.

Школа рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул НСялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахIмад АхIмадовас, районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, ДРялъул НСялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, ДРялъул Минобрнаукаялъул вакил Лейла Арсланбековалъ, ДРялъул НСялъул депутат ХIажимурад МухIамадовас, ДРялъул Миннацалъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, «Гильдия строителей СКФО» СРО Ассоциациялъул гIуцIиялъул вакил ГIали Шахбановас, сахаватчи МухIудин МухIудиновас, СВОялъул гIахьалчи ГIабдусалам НурмухIамадовас ва цогидаз.

Дагъистаналъул тIалъиялъул рахъалдасан бакълъулазда школа рагьи ва Лъаялъул къо баркана СайгидахIмад АхIмадовас. «ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула нужеда цIияб цIалул сон байбихьи! Лъайкьей цебетIезаби – аслияб масъала тIалъиялъул ва тIолго жамгIияталъул. Нижеца, Дагъистаналъул тIалъиялъул вакилзабаз, хIаракат бахъулеб буго мугIалимзабазул харжал рахинариялъул суалал тIуразе.

ЦIалдохъабазде гьари буго малъараб босизе, щвараб лъай пайдаялъе хIалтIизабизе хIаракат бахъеян. Хириял цIалдохъаби, рахъаги нуж унго-унгоял гIадамаллъун, гьунар бугел махщалилаллъун», - ян абуна СайгидахIмад АхIмадовас.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна федералияб, республикаялъулаб тIалъиялъе борхатаб мугIрузулаб районалда лъайкьей цебетIезе гьабураб кумекалъухъ. Хасаб баркала кьуна сахаватчи НурмухIамад ГIалиевасе, бакIал ралев чи ГIали Шахбановасе ва цогидал кумек гьабуразе.



Гъалиповас Цияб Аргъвани росдал директорасухъе 100 000 гъурщил сертификат кьуна. МухIамад ГIамиродиновас сайгъат гьабуна телевизор.




СайгидахIмад АхIмадовас рикьана «Дир Дагъистан. Дица гIумру гьабулеб ракь» абураб программаялда рекъон къватIире риччарал лъималазул тIахьал. Гьел тIахьал къватIире рачIана ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул жигаралдалъун.

ТIоцебесеб сентябралда МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалде рачIарал лъималазул, умумузул рохиялъул гIорхъи букIинчIо.

МокърукьбакI, чIабар, къадал ва гь ц. хисун, берцин гьабураб школалъ асар гьабичIев чиго хутичIо. 40 миллионалдаса цIикIкIун гъурущалде хIалтIаби гьаруна гьеб школалда.




Капиталияб ремонталдаса хадуб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школа рагьиялъулъ гIахьаллъана бакълъулазул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, цIалул идараялъул директор Эльмира МухIамадова, гьелъул заместитель Рамазан МухIамадов, «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидова ва гь. ц. Эльмира МухIамадовалъ баркала загьир гьабуна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиние, Дагъистаналъул бетIер Сергей Алимович Меликовасе ва Бакълъул мухъалъул нухмалъулев Гъалипов Гъалип ГIисахIажиевичасе школа къачIазе гьабураб кумекалъухъ.

### МелъелтIа аслияб школа къачIазе – 14 миллион гъурущ

14 млн гъурущ харж гьабуна МелъелтIа аслияб школа къачIазе. Капиталияб ремонт гуреб цIияб техникаги щвана цIалул идараялъе. Цияб цIалул сон баркизе школалде вачIун вукIана СВОялъул гIахьалчи Шарудин МухIамадовги.

(Ахир - кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЖамгIияб хIалтIухъ – шапакъат
- 2 гьум.



Гъалип Гъалипов: «Бакълъулазул гьудул вукIана Расул ХIамзатов»
- 2 гьум.



Игьали росдал ясли-ахалъул тарбиячагIи Хунзахъе щвана
- 2- гьум.



Шарудин МухIамадов: «Нижер мурад – къиматалда церелъурал рагъулал масъалаби тIурай»
- 3- гьум.

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## ЖамгIияб хIалтIухъ – шапакъат

**«Дагъистаналъул нухмалъулесе кумек гьаби» ДРООялъул анцIго сон тIубаялъул хIурматалда Бакълъулазул бетIер Гьалип Гьалиповасе жигараб жамгIияб хIалтIухъ медаль кьуна. Тадбир тIобитIана Дагъистаналъул миллияб Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб библиотекаялда.**



Гьалип Гьалиповасе шапакъат кьуна цебе рехсараб жамгIияб идараялъул нухмалъулев, полковник Юкрудин Салимхановас. Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул миллияб сиясаталъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимовас, Дагъистаналъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев ГIазизбег Черкесовас, ДРялъул ОПялъул гIахьалчи, афгъаниияв МухIамадрасул Сулеймановас ва цогидаз.

Бакълъул районалъул администрациялъ баркана Гьалип Гьалиповасда мустахIикъаб шапакъат щвей, гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго икъбал.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Гьалип Гьалипов: «Бакълъулазул гьудул вукIана Расул ХIамзатов»

### Дагъистаналъул халкъияв шагIирас 100 сон тIубай кIодо гьабуна

**2023-абилеб соналъул 7-абилеб сентябралда Бакълъул районалъул данде-руссиназул кIалгIадухъ Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон иналъул хIурматалда тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гьалип Гьалиповас, администрациялъул хIалтIухъабаз, цIалул ва цогидал идарабазул вакилзабаз.**



Тадбир байбихьана Расул ХIамзатовасул творчествоялда ва гIумрудул нухда тIасан Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадур гьабураб документалияб фильмалъухъ балагьиялдасан.



Баркиялъулаб кIалъаялъуль районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас баян гьабуна Расул ХIамзатов бакълъулазул гьудул вукIаравлъи. «Расул ХIамзатов вукIана батIи-батIиял рахьазул лъай бугев, гьунар тIокIав шагIир, ВатIан, гьудулзаби хирияв инсан. РагIабаздалъун гуреб ишаздалъун бихьизабулаан гьес гIагараб ракьалде бугеб рокьи.

1972 соналъ Игьали росулъ Расул ХIамзатовасул гIахьаллъигун тIобитIана кочIол кIудияб байрам. Гьелдаса гIемер сонал аниги, жакъа кьоялъги бицуна гьеб тадбиралъул кIудияб рохелгун. Игьали росулъе лъим бачиналъул суалалъе кумекги гьабуна гьес. Бакълъулазул гьудул вукIана Расул ХIамзатов.



Чан гIасру аниги кIочон тогеги гьесул творчество, Дагъистаналъул халкъалъе, хасго, цIияз гIелазе пайдаялъе батаги. Баркула киназдаго халкъалъе вокьулев шагIир гьавуралдаса нусго сон ин», - ян абуна Гьалип Гьалиповас.

Дандельиялда гьединго кIалъазе вахъана чанго тIехьалъул автор ЦIиликьа Сулайман МухIамаднуров. «Расул ХIамзатовасулгун лъайхъвай ккей кIудияб рохел буго дие жакъаги. Чанго нухалъ дандчIвана гьевгун. Ахираб дандчIваялдаса гIемер сонал аниги, ракIалда буго гьесул чIаголъи, гIадамаздехун ва гIумруялдехун букIараб рокьи. Гьесул хIакъалъулъ гIемер хъвана, бицана, амма жеги гIемер биценеги буго, хъвазеги буго», - ян абуна Сулайман МухIамаднуровас.

ПасихIго шагIирасул кучIдул рицана МелъелтIа гьоркьохъеб, ЛъаратIа гьоркьохъеб, МелъелтIа аслияб, Игьали гьоркьохъеб школазул, ясли-ахалъул лъималаз. Тадбир берцин гьабуна Бакълъул районалъул концертниябгун театралияб коллективалъул церерахъиназ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

## СайгидахIмад АхIмадов: «Лъайкьей цебетIезаби – аслияб масъала тIалъиялъул ва тIолго жамгIияталъул»

**(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)**

«Баркула мугIалимзабазда, цIалдохъабазда, умумузда цIияб цIалул сон байбихьи. ЦIакъ вохана гIагараб школа берцинлъун, цIилъун бихьидал. Хьезабун буго гьанжесеб заманалъул техникаялдаги.

Капремонталдаса хадуб цIалдохъаби къабул гьаруна Кунзахъ школалдаги. 4 млн гъурущ букIана школа къачIазе биччан. Ингишо росдал школалда химиялъул кабинет бана, 8 млн гъурущ харжги гьабун, капиталияб ремонтги гьабуна.



Киналго рохизе ккараб иш буго гьеб. Диеги лъай кьурал мугIалимзабазе гьаризе бокьун буго щулияб сахлъи ва сабру, тIураги нужер анищал. ХIурматиял цIалдохъаби, кIудиязул адаб цIуне, лъай босиялде кIвар кье», - ян абуна Шарудин МухIамадовас.

**Кунзахъ, ЛъаратIа, Ингишо, Гьарадирихъ росабазул школалги къачIана**

2023-абилеб соналъул тIоцебесеб сентябралда капремонталдаса хадуб рагьана Гьарадирихъ, ЛъаратIа росабазул школалги. Бакълъул районалъул цогидал росабалъги тIоритIана Лъаялъул къоялда хурхарал тадбирал.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

РАСУЛ ХIАМЗАТОВАС – 100 СОН

## Игьали росдал ясли-ахалъул тарбиячагIи Хунзахъе щвана

### ДРялъул Федералияб казначействоялъул Управлениялъ тадбир тIобитIана

**Хунзахъ районалъул ГIараниб росулъ Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралъулъ гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул Игьали росдал «Ромашка» ясли-ахалъул тарбиячагIаз. Тадбир тIобитIун букIана Дагъистаналъул Федералияб казначействоялъул Управлениялъ.**



Тадбир рагьана ДРялъул УФКялъул нухмалъулев ГIабдулпатахI ГIамирхановас. «Дагъистаналъул миллатал цолъиялъе кьучIчI лъуна Расул ХIамзатовас. Гьадинал тадбирал гIуцIиялъ кверкъкула миллатал цIуниялъе», - ян абуна ГIамирхановас. КIалъазе вахъана Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Зайдиевги.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# Игьали росдал ясли-ахалъул тарбиячагIи Хунзахъе щвана

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)** Дагъистаналъул халкъазул батIи-батIиял мацIазда кучIдул рицана лъимал. ГIенеккаразе кIудияб асар гьабуна. ДРялъул Бакълъул мухъалда буго УФКялъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовасул рагIабазда рекъон, тадбир лъугIун хадуб лъимал рачана Тобот чвахиялде, щвана ХъахIал къункърабазул мемориалияб комплексалде, цIияб рагьараб школалде ва гь ц.

«Тадбиралде рачIарал кваназе гьаруна, кутакалда лъикI дандчIвайги гьабуна хунздерица нижее. Расул ХIамзатовас нусго сон баялда хурхун гьабураб тадбир унго-унгояб байрамалде сверана», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Бакълъул районалъул тIалъиялъ, тадбиралъул гIахьалчагIаз, умумуз ракIракIалъулаб баркала кьолеб буго ДРялъул УФКялъул тIалъиялъе, Хунзахъ районалъул администрациялъе ва цогидал тадбир гIуцIизе квербакъаразе.

Тадбиралда гIахьаллъарал лъималазе грамотаби ва гIарцулал сайгъаталги кьуна.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Шарудин МухIамадов: «Нижер мурад – къиматалда церелъурал рагъулал масъалаби тIурай»

### Баркалаялъул кагътие мустахIикълъана

**Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Шарудин МухIамадовгун дандчIвана «Сельсовет» "Мехельтинский" АСПялъул хIалтIухъаби. Гьес бицана СВОялъул рагъухъабазул церелъурал масъалаби тIуразе бугеб гъираялъул.**

«Нижер мурад – къиматалда церелъурал рагъулал масъалаби тIурай. Бажарараб гьабулеб буго улкаялъул тIалабал лъикI тIуразе», - ян абуна Шарудин МухIамадовас.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ГIазра РурухIмаевалъ ва МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадовалъ.

«Сельсовет "Мехельтинский"» АСПялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдунасировас Шарудин МухIамадовасе ВатIан бокьиялъул мисал бихьизабуралъухъ баркалаялъул кагъат кьуна.



МухIамадов спецоперациялде жиндиего бокьун вукIана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

# Командир артиллерийского орудия младший сержант Раджаб Гасанов из села Цанатль освобождает Харьковскую область

**Участник СВО на Украине, командир расчета артиллерии младший сержант Раджаб Гасанов из села Цанатль Гумбетовского района освобождает Харьковскую область от бандеровцев.**

В составе гаубичной батареи Гасанов уничтожает живую силу и технику врага, занимается артиллерийской разведкой. Раджаб Гасанов служит в Росгвардии с 2021 года. В СВО на Украине принимает участие с первых дней. Освобождал и защищал Запорожскую, Харьковскую области и другие территории Новороссии. Боец СВО Раджаб Гасанов поздравил учителей родной Цанатлинской школы с началом нового учебного года и пожелал всех благ. Он отдельно поздравил учителя аварского языка Ахмеда Саадулаева, классрука Мухтара Мутаилова, педагога географии Шамиля Шайихмагомедова, директора данного учреждения образования Саидбега Мутаилова и других. Отметим, что наш защитник Отечества после школы учился в Махачкале, в



ДГУНХ. Гасанову 27 лет, его дома ждут семья и двухлетний сын. Враг будет разбит!

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Власти РД прокомментировали ситуацию с пятидневкой в школах

**Как отметил в прямом эфире ЦУР руководитель Минобрнауки РД Яхья Бучаев, школы самостоятельно принимают решение о переходе на пятидневный режим работы.**

Об этом сообщает сетевое издание «Мирмол». Минобрнауки рекомендует выбирать вариант пятидневного учебного плана с изучением родных языков, а субботу можно использовать для дополнительного образования. Развернутая информация по ссылке: https://mirmol.ru/novosti/vlasti-dagestana-prokommentirovali-situaciju-s-pjatidnevkoj-v-shkolah/



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Муфтий РД Ахмад-Хаджи Абдулаев награждён почётной грамотой Президента РФ

**Распоряжение подписал руководитель страны Владимир Владимирович Путин.**

Документ опубликован на официальном портале правовой информации. Об этом сообщает телеграм-канал АГиП РД.

Как отмечается, награда вручена за большой вклад в гармонизацию межрелигиозных и межнациональных отношений.



**РИО «Гумбет»**

# Об обязанностях граждан, подлежащих призыву на военную службу

**Положение статьи 31 Федерального закона 1998 г. №53 «Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу»:**

П.2.1. статьи, обязанность гражданина в двухдневный срок со дня начала периода проведения призыва на военную службу , лично явится в военный комиссариат района для сверки данных воинского учета ( за исключением граждан освобожденных от призыва).

**Военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов А. Магомедов.**

# Проводится отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу

**Проводится отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу, для направления на подготовку по военно-учетным специальностям (водитель категории –«С») в образовательных учреждениях РО ДОСААФ России РД с последующей отправкой в армию.**

Требования к кандидатам:

1. Наличие аттестата (9 кл. 11 кл)
2. Годные по состоянию здоровья;
3. Отсутствие судимости и близких родственников;
4. Желание учится;
5. Возраст 18 лет и выше.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов. Тел. (8-279)-2-13-02

**Военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов А. Магомедов**

# Служба по контракту – мое дело

1. Проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту.

Требование:

Возраст от 18 до 60 лет, а условии контракта.

2. Информационный материал о социальных льготах , гарантиях и денежном довольствии.




так же граждане ранее проходившие службу по контракту, годные к военной службе и физически развитые, не судимые. Рассмотрим граждан, ранее уволенные по не соблюдению

**По вопросу отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов. Тел. (8-279)-2-13-02**

# Основные правила и требования безопасности при грозе

**Молния — это мощнейший электрический разряд, который обладает высоким напряжением в несколько миллионов вольт, силой тока в сотни тысяч ампер и очень высокой температурой, до 25 тысяч градусов.**

1) В квартире, доме, здании: Если во время грозы вы находитесь дома, не подходите близко к электропроводке, антеннам, закройте окна, выключите телевизор, радио и другие электробытовые приборы и не касайтесь металлических предметов. В частном доме (даче) особую опасность при грозе представляет топящаяся печь, поскольку выходящий из трубы дым обладает высокой электропроводностью и может притянуть к себе электрический разряд. По этой же причине при грозе следует тушить костер;

2) На природе: Отдыхая на природе до начала дождя хорошо закрепите палатку, все металлические предметы: посуду, лопаты, пилы, молотки, мангал) сложите в 15-20 м от людей, лягте в палатку и переждите грозу в ней. Если палатки нет, тогда изолируйтесь от почвы. Положите под себя полиэтилен, ветки, камень. Сядьте и сгруппируйтесь, опустив голову на согнутые в коленях ноги, ступни ног соедините вместе, накройтесь полиэтиленом, так как мокрое тело и одежда повышают опасность поражения молнией;

3) В лесу: В лесу укройтесь среди невысоких деревьев с густыми кронами. Чаще всего молния бьет в дубы, тополя, вязы, реже в ель и сосну, совсем редко в березы и клены. Опасно при грозе находиться на опушках, больших полянах, в местах, где течет вода. Не влезайте на высокие деревья. В лесу наиболее безопасным местом будет низина с массивом из невысоких деревьев. Нельзя оставаться на поляне, особенно вблизи одиноко стоящего дерева;

4) На открытом месте: На открытой местности, в степи, следует укрыться от грозы в сухих ямах, канавах, оврагах. Но если они начнут заполняться водой, лучше их покинуть. При этом надо помнить, что песчаная и каменная почва безопаснее глиняной. Следите за тем, чтобы вы не оказались самой высокой точкой в окрестности, именно в нее чаще всего попадает молния. Не располагайтесь на возвышенностях, у металлических заборов, опор линий электропередачи и под проводами, не ходите босиком, не прячьтесь в стоге сена или соломы, в необитаемых одиночных бараках или сараях, не поднимайте над головой токопроводящие предметы: лопаты, тяпки, косы;

5) У воды: во время грозы не купайтесь, не располагайтесь в непосредственной близости от водоема, не плавайте на лодке, не ловите рыбу.

Если вы находитесь на водоеме и видите приближение грозы — немедленно покиньте акваторию, отойдите от берега. Ни в коем случае не пытайтесь спрятаться в прибрежных кустах. Если в поисках укрытия, вам необходимо пересечь открытое пространство – не бегите, идите спокойным шагом. И отключите при этом сотовый телефон.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

# Подать заявку на получение ИНН можно в любом из центров «Мои документы»

**Идентификационный номер налогоплательщика (ИНН) – это уникальный номер, который присваивается всем физическим и юридическим лицам Российской Федерации с целью их учета как плательщиков налогов. Документ обязательно иметь физическим лицам в следующих случаях:**

-при устройстве на работу;
-при получении зарплаты;
-при оформлении пособий;
-при оформлении сделок аренды или купли-продажи имущества;
-для получения различных видов государственной помощи;
-при обращении в госучреждения;
-при регистрации бизнеса или ИП.

При обращении в МФЦ, потребуется предоставить только паспорт.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Прокуратурой Гумбета ведется проверка состояния регистрации и разрешении сообщений о преступлениях в части ИТК

**Во исполнение поручения прокуратуры Республики Дагестан прокуратурой Гумбетовского района проводится проверка состояния законности при учете, регистрации и разрешении сообщений о преступлениях, совершенных с использованием информационно-телекоммуникационных технологий.**




Жители Гумбетовского района могут обратиться в органы прокуратуры муниципалитета на действия (бездействия), должностных лиц правоохранительных органов, отказавших в принятии соответствующего заявления о неправомерном списании денежных средств со счетов.

**И.о. прокурора Гумбетовского района О.Р. Рамазанов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете ведется оперативно-профилактическое мероприятие «Наемник»

**На территории Гумбетовского района во исполнении распоряжения МВД по Республике Дагестан от 15 августа 2023 года, №1/4896, в период с 11 по 30 сентября 2023 года проводится оперативно-профилактическое мероприятие под условным названием «Наемник».**




Целью данной операции является выявление и пресечение фактов вербовки граждан государств - членов организации договора о коллективной безопасности (далее - ОДКБ) в ряды международных террористических организаций (далее - МТО), перекрытия каналов въезда/выезда для участия в террористической деятельности на территории Афганистана, Ирака, Сирии, Украины, а также других стран с повышенной террористической активностью и нейтрализации ресурсной базы МТО на пространстве ОДКБ, во исполнение указания МВД России от 15 августа 2023 года № 326.

Уважаемые жители Гумбетовского района! Противостояние смертельной опасности - наше общее дело.

Если у Вас есть информация о фактах в данном направлении – сообщите о ней по телефону доверия ОМВД: 8999-418-85-10 (круглосуточно).

**Начальник ОМВД России по Гумбетовскому району полковник полиции М.А. Магомедов**

# Что делать получателю единого пособия при смене места жительства?

**Если семья, оформившая единое пособие, переехала в пределах одного региона, то никаких изменений не произойдет — выплата продолжит поступать на прежних условиях. При этом направлять в СФР заявления или сообщать дополнительную информацию не требуется.**




Если семья сменила регион, то выплата единого пособия по прежнему месту жительства прекращается. В новом регионе пребывания получателю единого пособия необходимо подать новое заявление.

При назначении пособия все показатели оцениваются заново исходя из прожиточного минимума того региона, куда переехала семья. При своевременном обращении выплата единого пособия может быть возобновлена с месяца ее прекращения.

Обращаем ваше внимание: обратиться за единым пособием можно по месту своей постоянной регистрации, временной регистрации и по месту фактического проживания.

Если у заявителя есть и постоянная, и временная регистрация в разных регионах — можно выбрать, в каком из них подать заявление на единое пособие.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

БетІерав редактор: ХІамзат МухІамадович ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цІаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда: 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.